



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 15 MILYON DOLA FINANSMAN POU KORE
KONSTRIKSYON NOUVO LOJMAN SIPÈVIZE ENTEGRE POU MOUN KI GEN
ANDIKAP DEVLÒPMAN**

***Sibvansyon 2022 OPWDD an pou lojman sipèvize entegre pral pèmèt plis moun ki
gen andikap devlòpman jwenn lojman bon mache, aksesib, ki pa sètifye***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse piblikasyon yon Demann Lojman Sipèvize Entegre ki disponib pou founisè sèvis ak pwomotè lojman ki kalifye yo. Opòtinite finansman 2022 a, ke Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlòpman (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) Eta New York la ap jere, pral bay 15 milyon dola fon pou depans kapital pou plis moun ki gen andikap devlòpman kapab jwenn opsyon lojman bon mache, aksesib, ki pa sètifye.

"Pandan n ap fè efò pou fè New York vin pi ekitab ak enklizif, li enpòtan pou nou bay tout Nouyòkè frajil yo aksè a lojman abòdab ak sèvis sipò yo bezwen pou yo pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman bati lojman k ap sèvi moun New York ki gen andikap entelektyèl ak devlòpmantal yo, e fleksibilite finansman sa a pral ede nou aplike estrateji efikas pou ede moun ki nan bezwen yo toupatou nan eta nou an."

Pwosesis demann Lojman Sipèvize Entegre a (Integrated Supported Housing, ISH) pral pèmèt Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlòpman (OPWDD) Eta New York la, founisè sèvis yo ak pwomotè lojman yo planifye globalman konstriksyon nouvo pwojè lojman sipèvize epi jwenn angajman atan nan men OPWDD pase pa diferan pwosesis demann finansman, tankou sa Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal) NYS la, Biwo Prezèvasyon ak Devlòpman Lojman (Housing Preservation and Development) NYC an, ak lòt bayè fon kapital gouvènman menm jan an.

Lojman Sipèvize a gen kòm definisyon "yon konbinezon sibvansyon pou lojman ak sipò ki gen pou wè ak lojman ki fèt pou garanti yon moun ki rete nan youn nan inite sibvansyone yo ap reyisi kòm lokatè."

Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlòpman an, Kerry E. Neifeld, te deklare, "Kou lojman sètifye yo k ap ogmante, epitou demann nan pou plis opsyon lojman fleksib, mande nouvo apwòch dirab a lojman ak sipò rezidansyèl pou moun tout

kapasite. Nou dwe kontinye agrandi meni opsyon sipò rezidansyèl nou yo pou moun n ap sèvi yo, e mwen kwè opòtinite sa yo pral ede nou ofri moun yo plis endepandans ak sipò yo bezwen an."

Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Tout Nouyòkè merite chans viv nan kay san danje, estab, ak bon mache ki pou yo, kèlkeswa kapasite yo oswa lajan yo fè. Demann Lojman Sipèvize Entegre a pral ede ajoute apatman pou moun ki gen andikap entelektyèl oswa devlopmanal nan lotisman lojman bon mache nou yo ki jwenn finansman piblik. Nou fè Gouvènè Hochul konpliman dèske li rann opòtinite finansman 15 milyon dola sa a posib e nou pa ka tann pou nou kontinye kolaborasyon nou an avèk OPWDD pou pote opòtinite lojman sipèvize ki nesèsè anpil toupatou nan eta a."

Finansman ap disponib pou moun ki fè demann nan tout zòn Eta New York. OPWDD gen dwa distribye resous anplis kote moun ki fè demann yo demontre estrateji efikas pou reponn bezwen moun ki gen antesedan rasyal, etnik, kiltirèl, lengwistik, sèks, idantite seksyèl varye.

Sibvansyon yo gen ladan lajan kapital, ak/oswa sibvansyon pou lwaye ak kreyasyon pwojè lojman sipèvize ki gen ladan yon demann pou inite pou lokatè preferansyèl ("inite yo mete sou kote") pou moun ki gen andikap entelektyèl oswa devlopmanal.

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Moun ki gen andikap gen bezwen ak preferans lojman ki diferan anpil e li vital pou Eta New York pran devan nan mezi pou okipe pwoblèm sa a avèk investisman tankou 15 milyon dola Demann Lojman Sipèvize Entegre a. M ankouraje founisè yo nan New York Santral ak toupatou nan eta a pou yo fè demann pou lajan sa a pou nou ka mete nouvo opsyon lojman disponib pou pi byen sèvi fanmi, zanmi, ak vwazen nou yo ki gen andikap. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak kolaborasyon li ki pa janm sispann nan anpil pwoblèm pwofon ki touche kominote andikape a."

Manm Asanble Tom Abinanti te deklare, "Inisyativ OPWDD an se yon lòt bon siy ki montre gouvènè a konprann OPWDD dwe chanje direksyon pou pi byen reponn bezwen moun ki gen andikap yo. Se yon rekonesans reyalis jan opsyon lojman limite ki te genyen anvan sa yo pa ase e se yon siyal volonte administrasyon an pou li eseye nouvo apwòch pou pi byen kore moun ki gen andikap yo."

N ap mande founisè kalifye yo ki fè demann finansman pou yo favorize opsyon lojman pi endepandan e pou yo wete baryè ki anpeche moun yo pase a yon kad pi entegre yo chwazi. Apre peryòd finansman an, benefisyè yo ap kapab kontinye ofri sipò ak sèvis entegre yo gras a modèl finansman ak sèvis ki te la deja yo.

Pou plis enfòmasyon, vizite <https://opwdd.ny.gov/2022-ish-application-materials>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418